

Bhaibheri Revana
Kuvapo

Kutanga
Kwekusuwa
Kwemunhu



Yakanyorwa na: Edward Hughes

Zvakaratidzwa na: Byron Unger; Lazarus
Alastair Paterson

Yakadziridzwa ne: M. Maillot; Tammy S.

Yakaturikirwa na: christian-translation.com

Yakagadzirwa na: Bible for Children
www.M1914.org

©2021 Bible for Children, Inc.


Rezinesi: Une kodzero yekukopa kana kudhinda nyaya iyi,
chero ukasaitengesa.



MWARI AKASIKA ZVESE!

Mwari paakasika munhu wokutanga
Adhamu, akagara mubindu reEdheni
nomudzimai wake, Evha. Vaifara
chose vachiteerera Mwari uye

vachifarira huvepo hwake
kusvika rimwe zuva ...



"Mwari akakutaurirai kuti musadya miti yose here?" nyoka yakabvunza Evha. "Tinogona kudya michero yose kunze kwomumwe chete," akapindura kudaro.

"Kana tikadya kana kubata muchero iwoyo, tichafa." "Hamungafi," nyoka yakanyemwerera.



"Uchafanana
naMwari." Evha
aida muchero
wemuti iwoyo.
Akateerera nyoka
ndokudya muchero.



Evha paakarega kuteerera
Mwari akatungamirira Adamu
kuti adyewo muchero wacho.
Adamu aifanira kudai akati,
"Kwete!"





Adhamu naEvha pavakatadza, vose
vakaziva kuti vakanga vasina kusimira. Vachisonera
mashizha omuonde mumafapuroni, akazvifukidza
uye vakavanda mugwenzi pamberi paMwari.



Manheru kwotonhorera Mwari akauya kubindu. Aiziva zvakanga zvaitwa naAdhamu naEvha. Adhamu akapomera Evha. Evha akapomera nyoka. Mwari akati, "Nyoka yakatukwa. Mukadzi acharwadziwa kana vana vazvarwa." "Adhamu, nekuti wakatadza, nyika yakatukwa neminzwa nerukato. Uchashanda nesimba zvako zvezuva nezuva."






Mwari akadzinga
Adhama naEvha mubindu
rakaisvonaka. Nemhaka
yokuti vakatadza,
naMwari anopa
upenyu!





Mwari akaita munondo unopfuta
kuti udzivise kunze. Mwari
akagadzirira Adamu naEvha
nguo dzematehwe. Ko Mwari
vakaatora kipi
matehwe?



Nokufamba kwenguva, Adhamu naEvha vakazvarwa mhuri. Wavo wekutanga, Kaini, aiva murimi webindu. Wavo wechipiri, Abheri, aiva mufudzi. Rimwe zuva Kaini akaya nemuriwo sechipo kuna Mwari. Abheri akaya nemamwe

makwai ake akanakisisa

sechipo

chake kuna

Mwari. Mwari

akafadzwa nechipo

chaAbheri.



Mwari haana kufadzwa nechipo
chaKaini. Kaini akatsamwa
kwazvo. Asi Mwari akati,
"Kana ukaita zvakanaka,
haungagamuchirwi here?"



Kutsamwa kwakaini hakuna
kupera. Kwapera nguva yakati,
akarwisa Abheri ari kusango
uye akamuuraya.



Mwari akataura naKaini. "Munun'una wako Abheri aripi?" "Handizivi," akadaro Kaini. "Ndini muchengeti wemunin'ina wangu here?" Mwari akaranga Kaini nokumutorera simba rake rokurima ndokumuita mudzungairi.



Zvino Kaini wakabva pamberi paJehovha. Akanga akaroora mwanasikana waAdhamu naEvha. Vakarerera mhuri. Nokukurumidza, vazukuru vaKaini navazukuru chibvi vakazadza guta raakavaka.



Panguva iyi, mhuri yaAdhamu naEvha
yakakura nokukurumidza. Mumazuva
iwayo, vanhu vairarama kwenguva
yakareba kupfuura nhasi.



Pakaberekwa mwanakomana wake Seti, Evha akati, "Mwari akandipa Seti kuti atsive Abheri." Seti akanga ari murume aitya Mwari uye akararama kwamakore mazana uye akava navana vazhinji.




Munyika, vanhu vakawedzera kuipa sezvo
chimwe chizvarwa chaitevera chimwe.
Pakupedzisira, Mwari akasarudza
kuparadza vanhu uye mhuka dzose
neshiri. Mwari akazvidemba
kuti akanga aita
munhu.



Asi munhu
mumwe akafadza
Mwari ...



Murume uyu aive Noa. Mudzinza
raSeti, Noa akanga akarurama uye asina
chaangapomerwa. Akafamba naMwari.



Akadzidzisawo vanakomana vake vatatu
kuteerera Mwari. Zvino Mwari akaronga
kushandisa Noa nenzira yechienzi
uye inokosha!



Kutanga KweKusuwa Kwemunhu

Nyaya inobva muShoko raMwari, Bhaibheri,

inowanikwa mu

Genesi 3-6

"Kupinda kweMashoko enyu kunopa chiedza."
Pisarema 119:130





Magumo



Nyaya yomu Bhaibheri iyi inotiudza nezvaMwari
wedu anoshamisa akatisika uye anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti takaita zvinhu zvakaipa, zvaanoti kutadza.
Murango wechivi rufu, asi Mwari vanokuda zvikuru vakatuma

Mwanakomana wavo mumwe chete, Jesu, kuti afire
pamuchinjikwa agorangwa nokuda kwezvivi zvako. Ipapo Jesu
akamuka uye akaenda kumusha Kudenga! Kana uchitenda muna
Jesu uye ukakumbira kuti akuregerere zvivi zvako, anozviita!

Achauya ogara mauri iko zvino, uye iwe uchagara
naye nokusingaperi.

Kana uchitenda kuti ichi ndicho chokwadi, taura izvi kuna Mwari:
Jesu anodikanwa, ndinotenda kuti muri Mwari, mukava munhu
wokufira zvivi zvangu, uye zvino mavu kurarama zvakare.

Ndapota huyai muhupenyu hwangu mundiregerere zvitadzo
zvangu, kuti ndive nehupenyu hutsva ikozvino, uye rimwe zuva
ndigova nemi nokusingaperi. Ndibatsirei kuti ndikuteererei uye
ndikuraramirei semwana wenyu. Ameni.

Verenga Bhaibheri uye taura naMwari zuva nezuva! Johani 3:16

